



Pwoteje Timoun yo Kont Danje nan Plon

Plon se yon pwazon yo jwenn souvan nan ansyen penti. Penti abaz plon, ak pousyè li vin tounen an, se bagay ki lakòz plis ka anpwazònman plon kay timoun nan Vil New York. Bilding yo ki te bati anvan 1960 ka toujou gen penti abaz plon sou mi yo, fenèt yo, twil fenèt yo, pòt yo ak lòt sifas. Epitou, ou ka jwenn plon nan kèk pwodwi konsomatè, ak nan kèk tè ak tiyo plonbri.

Anpwazònman plon ka lakòz pwoblèm pou timoun yo aprann ak pwoblèm nan konpòtman yo.

Pou pwoteje pitit ou kont anpwazònman plon:

- Raple doktè ou pou li teste pitit ou pou anpwazònman plon lè li gen yon (1) lane ak de (2) lane. Si ou pa gen yon doktè, rele **311** pou konnen ki kote pou pitit ou fè tè la.
- Si ou wè penti ap dekale, fann oswa lach, di pwopriyetè a sa. Si yo pa regle pwoblèm nan oswa si ou panse reparasyon an ap fèt yon fason danjere rele **311** pou mande yon enspeksyon gratis.
- Lave planche, fenèt, men, jwèt ak sousèt yo souvan.
- Evite itilize pwodwi yo konnen ki gen plon. Gen kèk pwodwi ki soti nan lòt peyi yo - tankou remèd sante, manje, epis, jwèt, seramik, pwodwi kosmetik ak poud relijye- ki ka gen plon, menm si plon pa make nan lis sou anbalaj pwodwi a. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou **nyc.gov/hazardousproducts**.
- Itilize sèlman dlo tiyo frèt pou bwè, fè manje ak prepare lèt fòmil ti bebe. Kite dlo a koule pou omwen 30 segonn, jiskaske ou remake li vin pi frèt, anvan ou sèvi ak li.
 - Rele **311** pou resevwa yon kit tè plon gratis pou dlo pou bwè. Ou pral resevwa rezilta yo nan 30 jou apre ou soumèt echantiyon dlo a.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou **nyc.gov/leadfree**.